



Standar global papan panggenan ugi acara ingkang aman tumrap pamirengan



Punapa tegesipun mirengaken kanthi aman ?

Mirengaken kanthi aman ngacu ing adat saben ugi tindak tanduk ingkang njalaraken panjenengan ngemataken musik sinambi ngandhapaken risiko kerisakan pamireng ingkang mboten saged dipun pulihaken.
Mirengaken kanthi aman saged nyegah gangguan pamireng !

Punapa standar global papan panggenan ugi acara ingkang aman tumrap pamirengan?

WHO sampun ngrembakaaken sarangkaian rekomendasi adhedhasar bukti kangge ngirangi risiko gangguan pamireng tumrap tiyang ingkang ngrawuhi papan panggenan ugi acara hiburan.
Bab puniko minongko tanggapan minggahipun raos kuwatos bab gangguan pamireng ingkang dipun sebabaken dening suwanten ingkang sora.

Nenem fitur mbentuk standar lan sedayanipun kangge sadhengah papan panggenan kados to klub malam, diskotek, bar, konser, ugi festival.

Kenging punapa papan panggenan ugi acara wigatos kangge mirengaken kanthi aman ?



gangguan pamireng ingkang dipun sebabaken dening suwanten ingkang sora gadhah sipat permanen.

1.1 miliar

tiyang enem gadhah risiko ngalami gangguan pamireng amargi praktek mirengaken kanthi mboten aman.

40%

tiyang yuswa 12-35 ing nagari-nagari ingkang penghasilanipun inggil lan menengah kapapar dening suwanten ingkang sora wonten panggenan-panggenan hiburan.

Nenem fitur standar mirengaken ingkang aman kangge papan panggenan-panggenan utawi acara-acara

1. Mbatesi level suwanten

Mbatesi maksimum 100db L_{aeq} 15 menit* njagi suwanten tetep aman lan ngremenaken kangge penonton.



2. Nggatosaken level suwanten

Nggatosaken langsung lan ngrekam tingkat suwanten ngagem pirantos pengukuran ingkang dipun kalibrasi dening anggota staf ingkang dipun piniji.



3. Ngoptimalaken panggenan suwanten lan sistem suwanten

sistem suwanten akustik panggenan kedah dipun optimalaken kangge mesthekaken kualitas suwanten ingkang ngremenaken ugi tingkat pamirengan ingkang aman kangge sedaya.



* L_{Aeq} 15 menit inggih punika tingkat suwanten rata-rata ingkang dipun ukur salami gangsal welas menit

Kados pundi standar mirengaken ingkang aman ingkang saged dipun ginaaken ing papan panggenan ugi acara?

Pamarintahan

Saged ngembangaken undang-undang utawi aturan ingkang lajeng dipun pantau babagan kepatuhan, wonten sisi kampanye kesadaran mirengaken ingkang aman.

Pemilik / manajer papan panggenan ugi acara, asosiasi industri

Saged ngadopsi standar ugi nerapaken fitur-fituripun kanthi sukarela.

Lembaga pendidikan tumrap musisi ugi insinyur akustik

Saged nyakup modul mirengaken ingkang aman ingkang fokus ing standar ketahanan, rasional, manfaat, lan fitur.

Punapa manfaat nerapaken standar mirengaken ingkang aman wonten sadhengah papan panggenan ugi acara-acara ?

Pamarintahan

Gangguan pamireng inggih punika masalah keserasan masyarakat global ingkang nembe berkembang pancegahanipun saged mbiyantu ngirangi ketahanan perawatan pamirengan, ningkataken kualitas gesang, ugi ningkataken produktivitas.

Pemilik / manajer panggenan ugi acara, asosiasi industri

Ngajeni keserasan pamirengan klien lan ningkataken pengalaman mirengaken, sedayanipun Saged maringaken efek ingkang sae tumrap finansialipun perusahaan ingkang gerakipun ing bidang pamirengan.

Piyantun ingkang ahli akustik, insinyur, musisi, panyelenggara acara, lan sanes-sanesipun

Punika badhe ngirangi bebaya kerisakan pamirengan kekalihipun, inggih punika penonton lan sedaya ingkang nyambut damel wonten papan panggenan lan acara kasebat.

4. Ndamel tameng pamireng pribadi

Tameng pamireng kados to penyumpel telinga kedah sumadyo kangge anggota audiens, mawi instruksi.



5. Tumuju dumateng zona tenang

zona tenang maringi kesempatan dumateng poro pamireng supados ngistirahataken talinganipun lan ngirangi risiko kerisakan pamirengan.



6. Nyediaaken pelatihan lan informasi

staf ugi audiens kedah dipun paringi pangertosan bab langkah-langkah praktis ingkang saged kapendhet kangge mesthekaken mirengaken kanthi aman.



Punapa ingkang saged panjenengan lampahi kangge promosi mirengaken ingkang aman wonten papan panggenan ugi acara?

masyarakat sipil saged mendhet peran wigatos, kados to ningkataken kesadaran babagan standar mirengaken ingkang aman lan mengadvokasi implementasinipun ing antawis pamarintah, pemilik / manajer papan panggenan ugi acara, lan staf ingkang nyambut damel wonten papan panggenan ugi acara kasebat.

Mireng kangge panggesangan, mireng kanthi ngatos-atos Mirengaken kanthi aman

Adapted from @World Health Organization,WHO/UCN/NCD/SDR 21.1
Translated by Dinar Rosmala, dr. Sp.T.H.T.K.L., MKes. Bagas Waras General Hospital in Klaten, Central Java and Dr. Nyilo Purnami, dr. Sp.THTKL(K). FICS., FISCM. Faculty of Medicine. Universitas Airlangga. Indonesia.
Member of the World Hearing Forum

